

**PENILAIAN AKHIR SEMESTER I SEKOLAH DASAR
TAHUN PELAJARAN 2022 / 2023**

Mupel : Bahasa Jawa
Kelas : VI (Enam)

Hari, Tanggal :
Waktu :

I. Wenehana tanda ping (x) ing aksara a, b, c utawa d ing sangarepe wangsulan sing paling bener!

1. Prastawa tegese kadadeyan.
Tuladha prastawa budaya yaiku antarane
 - a. pilihan perangkat desa
 - b. panen pari ing sawah
 - c. kacilakan ing dalan
 - d. adicara nyadran
2. Sing ora kalebu budaya Jawa yaiku
 - a. Tari Saman
 - b. Kethoprak
 - c. Jathilan
 - d. Ludruk
3. Maneka warna tradhisi Jawa iku diuri-uri supaya
 - a. mati
 - b. bubar
 - c. lestari
 - d. dadi siji

Wacanen crita kanthi premati kanggo mangsuli pitakon nomer 4-6!

Sekaten

Sekaten yaiku salah sawijining upacara adat minangka wujud rasa syukur masyarakat Islam Jawa Tengah. Sing diunekake saben sasi Mulud penanggalan Jawa kanggo mengeti laire Nabi Muhammad SAW.

Ing Upacara Skaten iku rerangken adicara sing paling dienteni yaiku metune gamelan kraton Nyai Nagawilaga lan Nyai Gunturmadu kanggo diunekake ing Pagongan Mesjid Gedhe Kraton Ngayogyakarta. Gamelan iku diarak saka Bangsal Pancaniti menyang Mesjid Gedhe, banjur kanggo ditabuh seminggu suwene lan disiwarake nganti Dalan Malioboro sanenggo nambah swasana budaya kutha Yogyakarta. Puncak adicara Sekaten katitik kanthi metune saperarangan gunung sing diarani Grebeg Mulud, sing dasare nggambarake sedekahing para raja marang rakyat lan nyimbulake kasejahteraan.

Upacara Sekaten dipungkasi kanthi adicara Bedhol Songsong utawa pentas wayang kulit ing pagelaran Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat. Ing adicara Sekaten uga digawe panggung kesenian sing nganakake festival seni tradhisi lan religi, lan dianakake rerangken kagiyatan ekonomi sing diwujudake kanthi Pasar Malam Perayaan Sekaten (PMPS) suwene 40 dina.

Kapethik saka "Basa Jawa Pakarindo"

4. Upacara adhat Sekaten dianakake kanggo mengeti
 - a. laire Nabi Muhammad SAW
 - b. sedane Nabi Muhammad SAW
 - c. laire Sultan Hamengku Buwana IV
 - d. sedane Sultan Hamengku Buwana IV
5. Adicara kang diantun-antun ing upacara adhat Sekaten yaiku metune gamelan kraton
 - a. Nyai Nagawilaga lan Kyai Gunturmadu
 - b. Kyai Nagawilaga Kyai Gunturmadu
 - c. Kyai Nagawilaga Nyai Gunturmadu
 - d. Nyai Nagawilaga lan Nyai Gunturmadu
6. Upacara sekaten dipungkasi kanthi adicara
 - a. pagelaran tari
 - b. pagelaran seni
 - c. bedhol songsong
 - d. bedhol desa

7. Anak marang wong tua iku becike migunakake basa
 - a. krama ndesa
 - b. krama alus
 - c. ngoko lugu
 - d. ngoko alus
8. Rama lan ibune Gathotkaca yaiku
 - a. Yudhistira lan Dewi Arimbi
 - b. Werkudara lan Dewi Arimbi
 - c. Arjuna lan Dewi Kunthi
 - d. Werkudara lan Dewi Kunthi
9. Raden Gathotkaca iku satriya ing
 - a. Dwarawati
 - b. Madukara
 - c. Astina
 - d. Pringgadani
10. Ing crita wayang, Bathara Narada kliru anggone menehake pusaka Kunta. Sing kudune diwenehake marang Arjuna, malah kliru diwenehake Adipati Karna amarga pasuryane padha. Pitutur sing bisa dijupuk, yaiku dadi wong kudu
 - a. ngati-ati
 - b. jujur
 - c. adil
 - d. ikhlas
11. Gamane Gathotkaca sing bisa njalari Gathotkaca yen udan ora teles lan yen panas ora kepanasen yaiku
 - a. caping basunanda
 - b. kotang antakusuma
 - c. kuntawijayandanu
 - d. gada rujakpala
12. Gathotkaca iku kondang diarani satriya otot kawat balung wesi lan bisa mabur tanpa elar, tembung *elar* tegese
 - a. tangan
 - b. sikil
 - c. swiwi
 - d. driji
13. Pandawa iku cacahé ana lima, kang nomer telu yaiku
 - a. Werkudara
 - b. Janaka
 - c. Nakula lan sadewa
 - d. Puntadewa
14. Ing ngisor iki sing ora nuduhake watake Pandhawa yaiku ...
 - a. lembah manah
 - b. luhur bebudene
 - c. culika lan angkara
 - d. welas marang sapadha-padha
15. Crita pengalaman iku jenis crita
 - a. fiksi
 - b. fabel
 - c. legenda
 - d. nonfiksi

Wacanen crita kanthi premati kanggo mangsuli pitakon nomer 16-17!

Nalika preinan sekolah, Bagus dan kulawarga dolan menyang kebon kewan Gambiroloka. Kebon kewan kasebut ana ing daerah Yogyakarta. Nalika dolan Bagus numpak mobil. Ing dalan suwene 2 jam, rada macet amarga kahanan pas preinan dadi dalane katon rame banget. Bagus tekan ing panggonan kurang luwih tabuh sepuluh. Ning

kebon kewan Gembiroloka Bagas nonton kewan sing maneka warna jenise kayata gajah, macan, kethek, manuk, ulo, kijang lan sakpanunggalane. Kawasan kebun kewan gembiroloka resik lan akeh panggonan sing bisa dingo foto, ning kono juga akeh wong bakul cenderamata gawe oleh-oleh. Bagas seneng bisa dolan karo keluarga. Pengalaman iki ora bakal dilalekno dening Bagas.

16. Paraga crito ing nduwur yaiku
 - a. Kebon Kewan
 - b. Gembiroloka
 - c. Bagas
 - d. Yogyakarta
17. Crito pengalaman ing nduwur, kalebu crito pengalaman kang
 - a. ngerenyuhake
 - b. nganyelake
 - c. nyedehake
 - d. nyenengake
18. Nyritakake pengalaman pribadi urut saka lekas nganti pungkasan paling cocog nganggo paragraf
 - a. narasi
 - b. deskripsi
 - c. eksposisi
 - d. argumentasi
19. Sakdurunge nulis cerita, penulis kudu gawe
 - a. dudutan
 - b. panutup
 - c. cengkorongan
 - d. ringkesan
20. Karangan kang gambarake salah sawijining objek seko kasil pengamatan, pangrasa, uga pengalaman penulis yaiku
 - a. argumentasi
 - b. deskripsi
 - c. persuasi
 - d. narasi
21. Nalika ngalami sawijine kedadayan sing nyedhihake, becike bisa
 - a. muni-muni
 - b. meneng wae
 - c. njupuk hikmahe
 - d. nyalahake wong liya
22. Tembang macapat cacahé ana
 - a. 8
 - b. 9
 - c. 10
 - d. 11
23. Tembang-tembang ing ngisor iki sing ora kalebu tembang macapat yaiku
 - a. Kinanthi
 - b. Gambuh
 - c. Megatruh
 - d. Jamuran
24. Tibaning swara ing pungkasan gatra tembang diarani guru
 - a. gatra
 - b. lagu
 - c. tembang
 - d. pada
25. Cacahé wanda saben sagatra diarani guru
 - a. gatra
 - b. lagu

- c. wilangan
- d. swara
- 26. Tembang macapat sing nduweni rasa seneng, tresna, lan asih yaiku tembang
 - a. Kinanthi
 - b. Gambuh
 - c. Sinom
 - d. Mijil
- 27. Tembang Kinanthi cacahé gatra ana ...
 - a. 4 gatra
 - b. 5 gatra
 - c. 6 gatra
 - d. 7 gatra
- 28. *Padha gulangen ing kalbu*
Guru wilangan lan guru lagu saka pethilan tembang ing dhuwur yaiku
 - a. 8a
 - b. 8i
 - c. 8u
 - d. 8e
- 29. Aksara Jawa cacahé ana
 - a. 18
 - b. 19
 - c. 20
 - d. 21
- 30. Tembung *larang* panulisan ing aksara Jawa nganggo sandhangan panyigeg
 - a. cecak
 - b. pangkon
 - c. layar
 - d. wignyan
- 31. Tembung ing ngisor iki sing ora disandhangi nganggo cakra yaiku
 - a. mrana
 - b. kroto
 - c. prau
 - d. mudha
- 32.

|| 𑀮𑀺𑀭𑀸𑀓𑀲𑀺𑀭𑀺𑀓𑀲𑀺𑀭𑀺𑀓𑀲𑀺𑀭𑀺𑀓 ||

Sandhangan suku ing ukara dhuwur iku cacahé ana

- a. 1
- b. 2
- c. 3
- d. 4

33.

|| 𑀮𑀺𑀭𑀸𑀓𑀲𑀺𑀭𑀺𑀓𑀲𑀺𑀭𑀺𑀓𑀲𑀺𑀭𑀺𑀓 ||

Ukara tulisan Jawa ing dhuwur, yen diwaca unine

- a. wetengku ngelih
- b. wetengku luwih
- c. wetengku mules
- d. wetengku lara

34. Tembung *pasar* panulisan ing aksara Jawa nganggo sandhangan panyigeg
- a. layar
 - b. wigyan
 - c. cakra
 - d. pangkon
35. Ha Na Ca Ra Ka nduweni teges
- a. ana utusan
 - b. padha digdayane
 - c. pada dadi batang
 - d. padha sektine

II. Isenana ceceg - ceceg ing ngisor iki nganggo tembung sing trep!

36. Asmane bapake Pandhawa yaiku

37. Gambar wayang ing sisih kiwa, arane



38. Jenis kabudayan sing awujud tontonan jejogedan nganggo nunggang jaran kepang diarani

39. Basa krama aluse tembung “**mangkat**” yaiku

40. Kadadean utawa peristiwa sing dialami dhewe diarani

41. Dadi Juara Kelas

Crita kanthi irah-irahan iku kalebu crita pengalaman sing

42. Cacahe gatra / larik saben sapada tembang diarani guru

43. Cacahe wanda saben sagatra ing tembang Kinanthi yaiku

44. Pasangan aksara **ṅ** yaiku

45. nandur pari menawa ditulis nganggo aksara Jawa dadi

III. Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki kanthi pratitis!

46. Prastawa tegese kadadeyan. Apa wae sing kalebu prastawa budaya? Sebutna telu wae!

Wangsulan:.....
.....
.....
.....

47. Sebutna 3 (telu) wae aji-ajine Raden Gathotkaca!

Wangsulan:.....
.....
.....
.....

48. Njlentrehno opo kang diarani karangan narasi!

Wangsulan:.....
.....

```
*****
*****
```

.....

Wangsulan:.....

.....
